

1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 1, 1-100

LI


Li ansanm se sèl fason ki pi enpòtan ou kapab ede prepare timoun ou li. Depi nan nesans, pataje lekti ak vokabilè ki avanse epi konesans jeneral pandan tan sa sa ap ede timoun yo devlope yon enterè nan fè lekti. Timoun ki pran plezi lè yo li pou yo pi souvan konn vle aprann li yo menm.

Liv ki Sipòte Lektè:

- Liv ki swiv enterè timoun ou an.
- Liv ki fè plezi, ilustrasyon ki plen koulè
- Imaj-ki-gen-non
- Istwa-reyèl



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 100 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Fè lekti kapab fèt san yon liv. Pandan w ap mache ak timoun ou, ede atire atansyon yo sou sa ki ekri nan anviwònman ou. Chèche lèt ki sou siy yo, plak machin yo epi pankat yo pou atire atansyon yo sou kapasite pou yo konsyan de sa ki ekri.

Kreye yon ti rakwen pou liv lakay ou. Rasanble lenn, zòrye ak liv ou menm ak timoun ou pran plezi fè lekti pou ogmante motivasyon ak kapasite timoun ou an pou l li sa ki ekri yo. Pran plezi w!


Jwe "Mwen Espyone" (I spy) w ap fè lekti. "Mwen espyone yon bagay nan paj sa ki ale sou pye ou. Kisa li ye? Se yon fason ki fè plezi pou li ansanm epi devlope kapasite pou rakonte istwa tou.

Se pou komik! Lè w ap pataje liv ak timoun ou, pinga ou pè pou fè komik ak istwa w ap rakonte yo. Lonje dwèt sou imaj ki nan liv la, dekri sak ozalantou l epi fè plizyè vwa diferan pou karaktè yo. Lè ou pran plezi nan fè lekti, timoun ou pran plezi tou.

Fè yon liv alfabè. Kreye pwòp liv alfabè pa w itilize papye konstriksyon ak imaj ki kole ladan l, oubyen kite timoun ou fè desen yon bagay ki sanble ak chak lèt. Li l ansanm lè w pral dòmi pou apratisaj yon lèt espesyal nan istwa a.

Konsèy pou lè ou okipe: Fè lekti lè ou okipe! Lè w ap fè valiz daypè ou pou jounen an, lage yon liv ki gen desen oubyen yon liv solid ki gen imaj. Koulyea ou pare pou bay istwa lè w ap deplase.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 2, 101-200

PALE


Timoun aprann lang epi lòt aprann kapasite pou li ak ekri nan tandè moun majè k ap pale. Pandan timoun yo ap tandè lang k ap pale, yo aprann nouvo mo epi kisa mo yo vle di pandan y ap akèri konesans jeneral sou anviwònman yo. Konesans sa ap ede timoun yo konprann siyifikasyon sa yo li a.

Liv Ki Sipòte Konvèzasyon:

- Liv ak imaj ki pa gen mo yo
- Liv ki ankouraje pou poze kesyon
- Liv ki gen fraz ki repete



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 200 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Pale sou Manje. Pandan w ap prepare yon repa, envite timoun ou an pou l ede w. Pale sou sa w ap fè a, kòman ou fè l oubyen manje a w ap prepare a (non, koulè, jan l ye, gou oubyen ki kote l soti).

Di m plis. Elabore sou sa timoun ou di. Pa egzanp, si timoun ou lonje dwèt sou yon flè, reponn: "Wi sa se yon flè. Kalte flè sa rele woz. Woz kapab wouj, jòn, blan oubyen woz."


Pataje rim gadri yo ansanm. Di yo vit epi di yo dousman. Timoun yo pral kòmanse jwe epi tandè ti son nan mo yo, sa ki ka kontwi konsyans fonolojik yo.

Ale mache nan lanati nan pak lokal ou a. Pale ak pitit ou a sou non zannimo ak plant ou wè. Tcheke libreri ou pou liv sou plant endijenis yo ak zannimo ki nan zòn ou a.

Pataje istwa pèsònèl ou yo. Pale ak timoun ou sou kòman sa te ye lè ou te timoun ou menm. Èske w ou gen kèk istwa komik pou rakonte? Mande yo kesyon ki louvri sou sa ou pataje ak yo.

Konsèy pou lè ou okipe: Lonje dwèt sou siy yo, etikèt ak logo yo pandan ou menm ak timoun ou kontinye fè sa n ap fe pandan jounen an. Pale sou kisa diferan siy yo reprezante pou ede timoun ou an konsyan de mo yo ak senbòl yo ki ozalantou yo.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 3, 201-300

EKRI

Lekti ak ekriti mache men nan men. Toulede reprezante yon lang moun pale epi kominike enfòmasyon. Timoun ou yo kapab aprann kapasite pou li-anvan lè yo patisipe nan aktivite alekri tankou majigridi, fè desen epi ekri lèt yo. Kenbe papye ak kreyon oubyen plim pou make sou yon tab kote timoun yo pa gen aksè.


Liv ki Sipòte Ekriti:

- Liv ki bay fòm ekriti.
- Liv ak lèt ki ekri "alaman"
- Liv alfabè yo



Tòti nan lanmè

Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 300 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Fè desen epi rakonte. Mande pitit ou a pou fè desen yon foto epi esplike ou desen li fè a. Make imaj la al mo ki enpòtan oubyen ekri deskripsyon yo anba imaj la. Sa ede kapasite oral yo pou lang nan epi devlope vokabilè.

Trase non ou yo. Itilize sann, farin oubyen krèm pou raze pou trase non yo, fòm yo ak nimewo yo epi lèt yo. Sa sipòte konsyans pou li ekriti epi konpreyansyon mo yo ak siyifikasyon yo.


Kreye yon lis bagay pou achte nan makèt. Mande timoun ou an pou l fè yon lis bagay pou achte nan makèt. Sa kapab sanble ak liy epi majigridi. Mande yo pou tcheke atik ki nan lis la pandan w ap mete yo nan panye a. Sa ede sipòte devlopman vokabilè epi konesans sou anviwònman timoun ou an ap viv ladan l la.

Konte sou dwèt ou yo. Ranfòse mis yo bezwen pou ekri yo nan ede timoun ou an konte sou dwèt li. Li yon liv pou konte ansanm epi ede yo si yo pa kapab leve dwèt yo poukont yo. Lòt aktivite ki ka ede devlope bèl kapasite motris ki enkli pentire kolye, Pledo (play-doh) epi kidan (Q-tip).

Jwèt ak adezif. Make gwo lèt atè a ak tep adezif. Trace chak lèt pandan w ap mache sou li oubyen fè yon ti machin jwèt pase akote lèt la. Aktivite sa sipòte konesans lèt yo.

Konsèy pou lè ou okipe: Kenbe yon ti sachè plastik a zip yo ak kèk kreyon epi yon kaye nan valiz ou epi mande timoun ou pou fè desen kisa li wè kote yo chita sou chèz ki deyè machin nan oubyen chèz woulan pou ti bebe lè ou soti ak yo. Sa pap sèlman kenbe timoun ou an okipe, se yon gwo souvni epi yon plezi pou swiv devlopman yo!

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 4, 301-400

JWE


Timoun aprann anpil sou lòt lang lè y ap jwe. Timoun panse senbolikman lè y ap jwe, se sa ki ede yo konprann mo moun pale ak ekri kapab tradui bagay ki reyèl ak ekseryans Jwe ka ede timoun yo esprime tèt yo epi mete panse yo an pawòl tou.

Liv ki Sipòte Jwèt:


- Liv entè-aktif
- Liv mouvman



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 400 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.



leelibrary.net/1000books

(239) 479-4636   

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Pratike konesans lèt yo. Soti deyò epi fè desen lèt alfabè yo atè ak lakrè. Fè timoun ou an trase sou lèt yo ak dlo epi yon penso. Ankouraje yo pou fè son lèt la pandan y ap trase l.

Lè y ap benyen se lè plezi. Lè y ap benyen se yon bon moman pou jwe. Si ou genyen kèk jwèt pou jwe lè w ap benyen, mande timon ou ki son bagay sa fè, oubyen ki koulè l. Ankouraje yo pou imite son oubyen mouvman tankou "ki zannimo ki fè kwak? Ou kapab fè li tou? Ann fè son tankou yon kana" Y ap pran anpil plezi epi pratike kapasite konsyans fonolojik yo an menm tan.


Ki bri sa? Lè w ap jwe ap timoun ou, pran plezi fè diferan bri ak diferan jwèt yo, tankou kamyon, pope oubyen zannimo yo. Tande diferan son ak esperimante yon varyete son, ton ak volim ede timoun ou devlop baz ki nan lang nan.

Fè yon boutèy sansoryèl. Itilize yon boutèy ki solid epi tanpli l ak atik tankou diri, ak ti figirin (figurin) yo. Kole bouchon an fèmen. Fè timoun ou an souke epi explore boutèy la pou l jwenn bagay ki kacheanndan. Pale ak timoun ou pandan y ap jwe pou ankouraje langaj oral yo ak kapasite vokabilè yo. Li bon anpil tou pou pote nan machin tou.

Explore fòm yo. Idantifye fòm yo se avangadis nan aprantisaj lèt yo. Fè pitit ou jwe ak fòm blòk ki diferan oubyen ale fè lachas dèye bèt aloufa ki ozalantou lakay ou.

Konsèy pou lè ou okipe: Yon jwèt senp tankou jwèt-bouche-je (peek-a-boo) pandan w ap fè makèt kapab genyen yon gwo enpak. Jwe ede timoun vin pi konsyan de kò yo, ogmante kiryozye yo epi devlope sans imè yo.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl


Nivo 5, 401-500

CHANTE


Chante yo se yon fason mèveye pou timoun yo aprann sou lang. Chante ralanti lang nan pou timoun yo kapab tandè diferan son ki fè mo yo. Sa ede timoun yo lè yon kòmanse li lang ki ekri. Chante chan yo epi jwe mizik pou timoun ou. Bibliyotèk la gen mizik pou timoun ansanm ak liv ki gen pawòl chan tradisyonèl yo.

Liv ki Sipòte Chante:

- Liv Rim
- Liv ak son zannimo yo
- Rim Gadri
- Liv moun ka chante



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 500 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Gwoup Mizik nan Garaj. Fè mizik ak bagay ou genyen lakay ou tankou chodyè, pwelon, fouchèt, bwat oubyen tas yo. Rale atè a ak timoun ou a sou rit mizik la.

Make tan sou rit la. Lè w ap chante, bat men tou, w ap ede timoun ou tandè mo yo gen ti pati ladan yo. Sa ap ede timoun ou pita lè y ap aprann li.


Chante tou ba lè se lè pou dòmi. Chante menm chan an tou ba lè pou dòmi. Repetisyon ak woutin bon pou jèn timoun yo, epi y ap konnen se lè pou y al dòmi.

Aprann nouvo mo atravè mizik. Ede timoun ou an konstwi vokabilè l ak chan yo. Chante yon chan ou sonje ou te aprann lè w te timoun. Yon chan ki te espesyal pou ou kapab vin espesyl tou pou timoun ou an,

Fèt Dans! Fè yon fèt dans ak timoun yo ak mizik pou timounki enkli chan ki gen enstriksyon, tankou Òkipòki ("Hokey Pokey") epi "souke Bobo w." Sa ede konstwi ekout ak kapasite konpreyansyon yo.

Konsèy pou lè ou okipe: Fè yon chante ki komik ak yon mizik ou pi renmen oubyen mande timoun ou an pou l ranpli espas vid yo. "Row, row, row, _____" oubyen "The itsy, bitsy, _____" ka vin komik anpil ak yon ti kras imajinasyon.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 6: 501-600

LI


Li ansanm se sèl fason ki pi enpòtan ou kapab ede prepare timoun ou li. Depi nan nesans, pataje lekti ak vokabilè ki avanse epi konesans jeneral pandan tan sa sa ap ede timoun yo devlope yon enterè nan fè lekti. Timoun ki pran plezi lè yo li pou yo pi souvan konn vle aprann li yo menm.

Liv ki Sipòte Lekti:

- Liv ki swiv enterè timoun ou an.
- Liv ki fè plezi, ilustrasyon ki plen koulè
- Imaj-ki-gen-non
- Istwa-reyèl



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 600 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Fè lekti yon pati nan jounen ou. Lè pou dòmi se yon bon lè pou pataje liv ak koneksyon ak pitit ou, men fè lekti deyò bay yon eksperyans milti-sansoryèl epi montre timoun li ka pran plezi nenpòt ki lè, nenpòt kote.

Yon fwa ankò? Si pitit ou gen istwa prefere, eseye li l ankò. Lekti ki repete ranfòse kapasite memwa yo, kapasite sekans yo epi ogmante vokabilè. Chak lekti ka mennen lòt dekouvet.


Li liv ki pa imajinè. Èske timoun ou an renmen dinozò, lespas oubyen lanati? Bibliyotèk la gen plizyè opsyon pou menm lektè ki pi jenn nan, Eseye fè "Li-gade-imaj" epi pale de imaj ki sou paj la epi sa k ap pase. Sa konstwi kapasite anvan-ou-li ak vokabilè.

Eseye liv ki anrejistre. Libreria ofri plizyè liv pou timoun ak opsyon pou pou-li-byen-fò oubyen pou-li-ak-liv-la. Sa bay plezi epi li eksitan pou eseye yon nouvo liv.

Atistay Lèt. Itilize ti baton bwa ki gen plizyè koulè ak boul tep velkwo yo (Velcro) tache yo nan pwent yo pou fè lèt yo. Gade konbyen lèt oubyen fòm ou kapab fè. Kenbe yon ti baton bwa nan yon sachè ak zip yo pou kapab kreye yon je byen rapit.

Konsèy pou lè ou okipe: Relye bagay w ap fè yo pandan w ap pase jounen an ansanm ak bagay ki rive nan liv prefere timoun ou an. "Nou prale nan yon zou menm jan Maisy fè nan liv la ou renmen an. Kisa Maisy te fè nan zou a? Èske nou sipoze fè sa tou?"

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 7, 601-700

PALE

Timoun aprann lang epi lòt aprann kapasite pou li ak ekri nan tandè moun majè k ap pale. Pandan timoun yo ap tandè lang k ap pale, yo aprann nouvo mo epi kisa mo yo vle di pandan y ap akeri konesans jeneral sou anviwònman yo. Konesans sa ap ede timoun yo konprann siyifikasyon sa yo li a.


Liv Ki Sipòte Konvèzasyon:

- Liv ak imaj ki pa gen mo yo
- Liv ki ankouraje pou poze kesyon
- Liv ki gen fraz ki repete



Vach Lanmè
nan Florid

Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 700 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Gad imaj ki nan liv la. Gade nan yon liv epi pale de li anvan ou li l. Vire paj yo epi fè timoun ou an rakonte yo istwa dapre imaj yo. Aprè sa li liv la ansanm. Se yon trè bon fason pou devlope kapasite pou timoun ou rakonte istwa.

Lè pou Rime. Bay timoun ou an yon bagay, tankou yon chapo oubyen yon chosèt. Ankouraje yo pou yo jwenn kantite mo an rim yo ka jwenn pou bagay sa, menm si mo yo pa menm fè sans.

Pale de jounen an. Mande timoun ou an pou rakonte ou sou aktivite li te fè pandan jounen an depi lè li leve nan maten. Gade si yo ka sonje epi rakonte ankò jounen yo pase nan lòd alanvè.


Lakay mwen. Rasanble bagay ou abitye ak yo lakay ou epi mete yo nan yon bwat. Fè timoun ou an chwazi 2-3 bagay san l pa gade. Lè yo fin chwazi, ankouraje yo pou yo rakonte yon istwa pandan y ap itilize tout aksèswa yo pran yo.

Gade yon nouvo bagay ansanm. Apresa, ankouraje timoun ou an pou fèmen je l epi rakonte ou yon bagay yo sonje sou yon karaktè oubyen yon sèn. Fè dyalog ki louvri ak timoun ou an pandan y ap pataje sa yo panse ak santiman yo.

Konsèy pou lè ou okipe:

Angaje timoun ou an nan konvèzasyon pandan ou okipe. Pale sou kote ou prale, kisa ou te fè dènye fwa ou te al la si se yon kote ou konn ale deja, oubyen ki nouvo bagay oubyen bagay ki eksitan ou pral fè si se yon kote timoun ou an poko janm ale.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl


Nivo 8, 701-800

EKRI


Lekti ak ekriti mache men nan lamèn. Toulede reprezante yon lang moun pale epi kominike enfòmasyon. Timoun ou yo kapab aprann kapasite pou li-anvan lè yo patisipe nan aktivite alekri tankou majigradi, fè desen epi ekri lèt yo. Kenbe papye ak kreyon oubyen plim pou make sou yon tab kote timoun yo pa gen aksè.

Liv ki Sipòte Ekriti:

- Liv ki bay fòm ekriti.
- Liv ak lèt ki ekri "alaman"
- Liv alfabè yo



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 800 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.



leelibrary.net/1000books

(239) 479-4636



Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Ekri yon lèt ak yon zanmi oubyen yon manm nan fanmi ou.

Timoun ou an kapab rakonte ou kisa pou ekri, ajoute yon tenm sou anvlòp la epi ede pote l nan bwat postal la. Sa sipòte devlopman kapasite oral nan lang nan, vokabilè epi konsyans pou l li - konpreyansyon ke sa ki ekri yo gen siyifikasyon.

Fè bonbon nan fòm lèt. Sa se yon fason ki gou anpil pou devlope konsesans nan lèt - konpreyansyon lèt yo diferan ke nimewo yo epi yo gen son.

Fè pratik. Bay timoun ou opòtinite pou l chifonnen retay papye oubyen lèt fatra epi devlope dwèt li yo ak mis ki nan men l yo.

Tras nan men. Trase lèt yo ak fòm yo dèye men timoun ou an ak yon dwèt. Di non fòm nan oubyen lèt la pandan w ap trase. Pou timoun preskolè yo, mande yo pou fèmen je yo epi devine fòm oubyen lèt ou te trase a epi kite yo fè desen fòm yo sou men ou pandan w ap devine. Aktivite sa konstwi konesans lèt yo.

Aprann nouvo mouvman men yo. Mouvman men yo tankou "Ki kote doulè nan dwèt pous ou a ye?" kite timoun piti yo pratike jan pou yo kowòdone mo yo ak mouvman dwèt yo.

Ki kote doulè nan dwèt pous ou a ye? Ki kote doulè nan dwèt pous ou a ye? (Kache men w dèye do w)

Men Mwen! Men Mwen! (Montre pous gòch ou, epi pous dwat ou)

Kijan ou santi ou jodiya, mesye? (Souke pous gòch ou)


Trè byen, m remèsye ou. (Souke pous dwat ou)

Kouri ale, kouri ale. Kache men gòch ou dèye do w, epi men dwat ou)

Konsèy pou lè ou okipe:

Fè kat pou chak fòm, lèt ak nimewo pandan w ap itilize ti kat pou ekri oubyen kaye, epi kite timoun ou an trase liy fòm nan ak dwèt ou yo pandan ou okipe.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 9, 801-900

JWE


Timoun aprann anpil sou lòt lang lè y ap jwe. Timoun panse senbolikman lè y ap jwe, se sa ki ede yo konprann mo moun pale ak ekri kapab tradui bagay ki reyèl ak ekseryans Jwe ka ede timoun yo esprime tèt yo epi mete panse yo an pawòl tou.

Liv ki Sipòte Jwèt:

- Liv entè-aktif
- Liv mouvman



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Ou fèk li 900 liv! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou etikèt ou a epi kòmanse nan lòt nivo a.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Swiv lidè a. Jwe swiv lidè epi fè aksyon tankou manyen tèt ou, vire kò w epi chita. Mande timoun ou pou l fè menm bagay yo epi fè echanj! Jwèt sa ede timoun yo foki pou l tand epi devlope langaj.

Fè kòmisi. Demontre istwa prefere timoun ou an ak zannimo ki boure.


Ale lachas dèyè bèt aloufa. Fè yon lis fòm, koulè oubyen bagay pou gade pou pwochèn fwa w ap pwomennen oubyen pase tikwa sou yo lè ou jwenn yo.

Jwèt abiye pou sanble sa ou pi renmen an. Abiye pou sanble sa ou pi renmen an se fason ki koute mwen chè pou entwodui timoun ou an an rakonte istwa. Ankouraje yo pou yo panse ak kòman yon istwa pwogrese soti nan kòmansman pou rive nan bout li.

Jwèt fè kòmisi! Pran kèk zannimo yo boure epi kreye yon biwo veterinè. Itilize koli ki itilize deja pou fè makèt la. Rale kèk papye, anvlop ak kreyon pou jwe lapòs. Aktivite sa yo bay plezi epi ogmante anpil kapasite pou li ak ekri byen bonè.

Konsèy pou lè ou okipe: Jwe yon jwèt tankou “èske ou kapab...?” pandan w ap mande yon seri kesyon tankou, “Èske ou ka bat men ou?” oubyen “Èske ou ka jwenn yon bagay koulè vèt?” Jwe yon jwèt konsa bay plezi epi fasil lè ou okipe - epi li ede amelyore konsantrasyon tou, atansyon ak memwa.

5 liv prefere m yo:



1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 10, 901-1,000

CHANTE


Chante yo se yon fason mèveye pou timoun yo aprann sou lang epi tandè nouvo mo. Chante ralanti lang nan pou timoun yo kapab tandè diferan son ki fè mo yo. Sa ede timoun yo lè yon kòmanse li lang ki ekri. Chante chan yo epi jwe mizik pou timoun ou.

Liv ki Sipòte Chante:

- Liv Rim
- Liv ak son zannimo yo
- Rim Gadri
- Liv moun ka chante



Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.



Felisitasyon! Ou li 1,000 liv yo! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou reklame etikèt ou a ak sètikifa.

Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

Souke bagay yo! Mete yon ti kantite grenn diri sèk, pwa, metal kout, sann oubyen ti wòch nan yon boutèy plastik pou fè tchatcha yo. Kole bouchon boutèy la djanm. Ranfòse bouchon boutèy yo ap mòso adezif. Kite timoun ou explore diferan son tchatcha a fè.

Desine ak mizik. Kole mòso papyè ki laj sou yon tab oubyen atè a. Mete kreyon disponib pou timoun ou. Jwe kalite mizik ki patikilye, tankou djaz (jazz), opera oubyen mizik lakanpay (country) epi gade kisa mizik la enspire nan chak desen timoun nan fè. Repete ak diferan mizik.

Ajoute mouvman sou mizik la. Bay timoun ou riban ak foula epi mete mizik pou yo pou yo ka danse. Eseye aktivite sa pandan w ap itilize diferan kalte mizik ak vitès ki varye.

Fè yon kib chan! Kole yon ti bwat kare (lajè yon bwat papyè tisi) epi kouvri ak papyè. Ekri non epi fè desen sis diferan rim gadri oubyen chante (egzanp: yon zetwal pou "ti zetwal k ap mouri limen, mouri limen" oubyen yon bis pou chante a "Volan ki nan bis la") Mande timoun ou pou l woule bwat la epi chante yon chan oubyen yon rim ansanm.

Danse ak ti bebe ou la. Ede ti bebe yo souke kò yo pandan y ap tandè mizik. Balanse jantiman sou mizik ki dousman yo epi kenbe ti bebe yo kole sou ou pandan w ap danse sou rit ki pi vit la. Ou kapab mete ti bebe yo atè epi ede yo souke janm yo ak bra yo sou rit chan an.

Konsèy pou lè ou okipe: Kreye kèk lis mizik timoun ou an pi renmen ki genyen rit ki ale vit pou lè ou vle chante epi danse epi chan ki dousman pou domi epi pase tan nan silans pandan ou okipe. Tcheke epi telechaje mizik pou timoun yo atravè sèvis gratis libreri a bay pou tandè chan ak son ki soti nan diferan peyi.

5 liv prefere m yo:

